Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN DEVLOPMAN LOJMAN A PRI ABÒDAB AK MILTIFONKSYON K AP KOUTE 26.2 MILYON DOLA NAN OSWEGO A

"Harbor View Square" pral Redevlope yon Tèren Vid pou yo Kreye yon Sant Vil ki pi Dinamik kote Moun ka Mache Apye epi Amelyore Koneksyon ak Bò Rivaj Lak Ontario a

Envestisman a Konplemante Inisyativ "CNY Rising" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kòmansman konstriksyon nan yon devlopman lojman a pri abòdab ak miltifonksyon k ap koute 26.2 milyon dola nan sant vil Oswego a. Nouvo devlopman an, y ap rele Harbor View Square la, pral gen ladan 75 lojman alwe k ap sèvi yon grand varyete revni sib ak plis pase 10,000 pye kare nan redchose a k ap sèvi kòm espas komèsyal pou ti magazen vant an detay ak restoran yo. Y ap konstwi devlopman an nan yon sit endistriyèl dezafekte vil la posede men yo pa itlize ase, ki sitiye nan pwen kote Rivyè Oswego a rankontre ak Lak Ontario a. Harbor View Square se yon pwojè priyoritè pou Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Oswego a.

"Avèk nouvo bon jan kalite lojman abòdab ak espas komèsyal la, Harbor View Square ap kontinye pwosesis revitalizasyon sant vil Oswego a ak bò rivaj la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou transfòme nwayo iben nou yo pou yo vin tounen kominote dinamik, kote tout Nouyòkè yo ka viv, nou pral kontinye devlope ekonomi rejyon an epi kontinye vanse inisyativ Central New York rising lan."

"Devlopman miltifonksyon Harbor View Square la se yon envestisman enpòtan k ap fèt nan sant vil Oswego a epi l ap demontre enpòtans Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil nou an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo devlopman lojman sa a pral ede deklanche elan pou kwasans ki kontinye genyen nan kominote a, epi agrandi disponibilite lojman abòdab yo. Harbor View Square chita sou yon lokalite ki te rete vid epi yo pa te itilize ase epi l ap ba li yon nouvèl vi kòm yon eleman nan avni sant vil Oswego a."

Angajman Eta a pran pou li ranfòse kominote yo epi devlope ekonomi rejyon New York Santral la reflete atravè inisyativ CNY Rising lan, ki se yon envestisman 500 milyon dola

Eta a ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) k ap ajoute sou pwogrè plis pase 5.6 milya dola Eta a te deja enjekte nan rejyon an depi 2012. Envestisman Eta a ap fè nan Harbor View Square la ap konplemante inisyativ CNY Rising lan lè l ogmante aksè a bon jan kalite lojman abòdab epi kreye yon sant vil ki pi dinamik, kote moun ka mache apye.

An 2016, Vil Oswego a te akòde 10 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la, ki se yon inisyativ y ap antreprann toupatou atravè eta a pou yo ranfòse ekonomi lokal yo epi ankouraje kreyasyon katye dinamik. Harbor View Square abòde plizyè estrateji yo te idantifye nan plan DRI Oswego a, ki gen ladan devlopman entèkalè espas yo pa itilize ase yo epi kreye nouvo opòtinite rezidansyèl nan zòn sant vil yo. Harbor View Square pral aktive blòk ki sitiye ant kè sant vil la ak Lak Ontario a, sa k ap pi byen konekte sant vil oswego a ak rivaj lak la epi kreye yon anviwònman ki pi dinamik pou pyeton yo.

Devlopman an sitiye nan 68 West First Street nan ansyen lokalite Flexo Wire a, ki se yon fabrikan ak distribitè filfè alechèl nasyonal. Eta New York te nonme pwopriyete sa a ki te vid depi byen lontan kòm yon sit endistriyèl dezafekte epi li pral sibi pwosesis depolisyon ak netwayaj nan kad Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Dezafekte a (Brownfield Cleanup Program).

Harbor View Square, k ap anglobe tout yon blòk vil la nèt, pral gen ladan yon building senk etaj k ap gen 57 apatman ak kat espas komèsyal nan redchose a k ap mezire 10,000 pye kare ototal. Devlopman an gen ladan tou 18 kay an ranje ki gen de etaj. Y ap rezève onz inite pou moun ki gen andikap fizik oswa lezyon serebral twomatik yo. Apatman yo pral nan yon pri abòdab pou fwaye ki gen revni fèb ak mwayen yo. Y ap mete nèf apatman nan yon pri ki nan to mache a.

Enstalasyon bilding lan yo pral gen ladan yon sant espòtif, salon pou rezidan yo, espas medya, ak sal konferans. Harbor View Square sitiye a depa de rivaj Lak Ontario a, atraksyon sant vil yo, espas magazen vant an detay ak restoran yo.

Finansman Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap bay pou pwojè 26.2 milyon dola a gen ladan Kredi Taks Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb federal la yo (federal Low-Income Housing Tax Credits) ak Kredi Taks pou Sit Endistriyèl Dezafekte a yo (Brownfield Tax Credits) ki pral jenere 13.2 milyon dola nan valè rezidyèl, 3 milyon dola k ap soti nan Fon pou Envestisman Kominotè a (Community Investment Fund), ak 6.8 milyon dola nan sibvansyon. Finansman adisyonèl yo gen ladan yon sibvansyon Restore NY, ki se yon prim sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Oswego a te akòde, ak yon prè ki soti nan Fon Levitik la (Leviticus Fund).

Harbor View Square reflete angajman Eta a pran pou l bay tout Nouyòkè yo aksè a lojman ki sekirize nan yon pri abòdab la reflete nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen an. Plan an ap rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo konstwi ak prezève plis pase 100,000 inite lojman ki nan yon pri abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye. Depi 2011, HCR te envesti 190

milyon dola nan New York Santral ki te kreye lojman abòdab pou anviwon 7,700 rezidan.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, “Harbor View Square montre egzanp efò nou ap fè pou nou redinamize nwayo sant vil New York la yo atravè envestisman sible ak lojman abòdab. Lè nou transfòme yon sit enditriyèl ki te vid depi byen lontan pou l vin tounen 75 lojman ak espas komèsyal, nou ap kreye yon sant vil kote moun ka mache apye k ap konekte rezidan yo ak bote natirèl bò rivaj la. Se yon peryòd pwometè pou Oswego epi nou paka tann pou nou akeyi rezidan yo vin nan nouvo kay yo”.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Pwojè sa a k ap fèt nan Oswego a se yon vrè revitalizasyon kominotè k ap mache epi se yon egzanp ki montre DRI Gouvènè Cuomo a ap transfòme vil yo pou yo ka amelyore. Nouvo Harbor View Square la pral envite jèn travayè yo ak fanmi yo vin Oswego, sa ki pral ouvri wout pou plis kwasans entèlijan. Nou fyè pou nou sipòte redevlopman sit endistriyèl dezafekte sa a ak pwopriyete bò rivaj sa a”.

Komisè DEC Basil Seggos te di, “Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Dezafekte Eta New York la se yon eleman enpòtan nan kad Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a k ap transfòme katye sant vil yo toupatou atravè eta a, pou yo vin tounen kominote ki pi dinamik kote Nouyòkè yo vle viv, travay ak elve fanmi yo. Melanje ansanm, de pwogram yo fòme yon zouti pwisan pou yo transfòme zòn degrade yo epi fè yo vin tounen motè opòtinite ekonomik. DEC fyè pou l fè patenarya ak pwojè Harbor View Square la ki pral revitalize ekonomi global rejyon an epi amelyore kalite lavi rezidan Oswego yo”.

Direktè New York State Canal Corporation, Brian U. Stratton, te deklare, “Renesans sant vil Oswego a te deja kòmanse. Harbor View Square pral jwe yon wòl esansyèl pou fè vanse efò sa yo lè li lye sant vil la ak bò rivaj la, sa ki pral pote nouvo biznis epi ankouraje moun viv, travay, ak jwe nan Vil Pòtyè New York Santral la. Se yon lòt egzanp ankò ki montre kijan Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a ap pèmèt kominote New York ki sitiye sou kanal la yo montre kisa ki fè yo espesyal”.

Senatè Patty Ritchie te deklare, “Harbor View Square se yon pwojè ki pral non sèlman ofri moun bon jan opsyon lojman, li gen ladan tou espas ki pral pèmèt biznis yo devlope ak kreye jòb. Mwen kontan anpil paske y ap kòmanse konstriksyon nan pwojè enpòtan sa a epi mwen atann pou m wè enpak pozitif li pral genyen sou Sant Vil Oswego a ak sou tout vil la nèt”.

Manm Asanble Will Barclay te deklare, “Pwojè lojman Harbor View Square la se yon itilizasyon pafè pou ansyen sit Flexo Wire la. Pwojè sa a pral ajoute nouvo lojman, espas komèsyal epi vanse revitalizasyon Vil Oswego a ap viv aktyèlman la. Se te yon priyorite pou vil la pou yo devlope sit sa a epi se yon pwojè ankraj ki enpòtan pou DRI. Mwen aplodi Majistra Barlow ak tout moun ki te patisipe nan efò yo — fonksyonè vil la ak eta a yo ki te rann nouvo pwojè lojman sa a posib la -- epi mwen paka tann pou m wè yo konstwi l”.

Prezidan Lejislati Konte Oswego a, Shane Broadwell, te deklare, “Mwen kontan pou m wè plis nan pwojè priyoritè Majistra Barlow yo vin yon reyalite. Ansyen sit Flexo Wire a te sèvi pou anpil izaj pandan ane ki sot pase yo epi kounye a, pwojè sa a pral transfòme yon sit endistriyèl dezafekte pou l vin tounen yon etablisman k ap amelyore katye a, koridò West First Street la ak zòn metwopolitèn sant vil la. Nou kontan anpil pou kwasans ki kontinye genyen isit la nan Vil Oswego a epi nou pral kontinye sipòte lòt kominote nou yo toupatou atravè konte a nan kad efò y ap fè pou rann Konte Oswego a vin yon pi bon kote pou moun viv, travay, ak elve yon fanmi”.

Billy Barlow, ki se Majistra Oswego, te deklare, “Redevlopman yon sit endistriyèl dezafekte pou l vin tounen yon zòn ki pral ankre efò revitalizasyon k ap kontinye fèt nan sant vil Oswego a ak bò rivaj la yo pral simante elan vè lavan non sèlman nan zòn kominote a yo ak devlopman ekonomik, men tou l ap reponn a bezwen enpòtan ki genyen pou ofri bon jan kalite opòtinite lojman pou fanmi ki gen revni fèb-a-modere-a-elve ki nan vil la yo”.

Ben Lockwood, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Housing Visions lan te deklare, “Nou kontan anpil pou nou patisipe nan opòtinitè ekstraòdinè sa a Vil Oswego a genyen an. Anpil moun nan kominote a te toujou anvizyone Harbor kòm yon katye bò rivaj iben premye plan. Redevlopman sa a se yon lòt pa anvè efò revitalizasyon Oswego Harbor la ap sibi sou direksyon Vil Oswego a”.

Akselere “CNY Rising”
Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlòpman kominote a. Eta a deja envesti pase 5.6 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###